**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–21.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार द्वारा कथित रूप सँ राष्ट्रगानक अपमान करबाक मामिला के लऽकऽ विधान मंडलक दुनू सदन मे आइ जमिकऽ हंगामा भेल। हंगामा आ हो–हल्लाक कारणे प्रश्नकाल आ शून्यकाल सेहो सुचारू ढंग सँ नहि चलि सकल आ विधानमंडलक दुनू सदनक कार्यवाही सोम दिन धरि लेल स्थगित करय पड़ल। विधानसभा मे आइ कार्यवाही शुरू होइतहि नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आरोप लगौलनि जे पटना मे एक खेल समारोह मे मुख्यमंत्री राष्ट्रगानक अपमान कयलनि, जकरा बर्दाश्त नहि कयल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे मुख्यमंत्री के अपन पद पर बनल रहबाक कोनो नैतिक अधिकार नहि छनि। एहि पर संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे विपक्ष के मुख्यमंत्री के राष्ट्रीय परंपरा के बुझेबाक आवश्यकता नहि अछि। ओ सदिखन राष्ट्रीय परंपराक प्रति सजग रहैत छथि। एकर बाद राजद समेत सभ विपक्षी दलक विधायक लोकनि हाथ मे पोस्टर लेने सदनक बीचोबीच आबि गेलाह आ नीतीश कुमारक विरूद्ध नारा लगाबय लगलाह।

विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादवक बेर–बेर अनुरोधक बादो जखन हंगामा शांत नहि भेल तऽ सदनक कार्यवाही भोजनावकाश धरि लेल स्थगित कऽ देल गेल। भोजनावकाशक बाद विधानसभा मे कार्यवाही शुरू होइतहि पुनः विपक्षी दल राष्ट्रगानक मामिला के लऽकऽ हंगामा शुरू कऽ देलक आ विधानसभा अध्यक्ष के साढे तीन बजे दिन धरि लेल कार्यवाही स्थगित करय पड़लनि। पुनः कार्यवाही शुरू भेला पर आ हो हंगामा के देखैत सोम दिन धरि लेल विधानसभाक कार्यवाही स्थगित करय पड़ल। दोसर दिस विधान परिषद मे सेहो एहि मुदा के लऽकऽ जमिकऽ हंगामा भेल। विपक्षक नेता राबड़ी देवी कहलनि जे मुख्यमंत्री के एहि मुद्दा पर सदन मे वक्तव्य देबाक चाही। हंगामाक कारणे सभापति अवधेश नारायण सिंह सदनक कार्यवाही भोजनावकाश धरि लेल स्थगित कऽ देलनि। भोजनावकाशक बाद राजदक सुनील कुमार सिंह अपन कार्य स्थगनक उल्लेख कयलनि, जे ओ राष्ट्रगानक मुद्दा पर देने छलाह। सभापति एकरा अस्वीकृत कऽ देलनि। एकर बाद हंगामाक कारण विधान परिषदक कार्यवाही सेहो सोम दिन धरि लेल स्थगित कऽ देल गेल।

---

राष्ट्रगान के अपमान करबाक मामिला के लऽकऽ राजनीतिक बयानबाजी तेज भऽ गेल। पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे विधान परिषद मे विपक्षक नेता राबड़ी देवी कहलनि जे मुख्यमंत्री के एहि मामिला पर सदन मे बयान देबाक चाही आ माफी मांगबाक चाही। ओ कहलनि जे नीतीश कुमार देशक अपमान कयलनि अछि आ हुनका पद पर बनल रहबाक कोनो अधिकार नहि छनि। एम्हर, जदयूक राष्ट्रीय प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे मुख्यमंत्री पर आरोप लगा कऽ विपक्षी दल राजनीति कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमार ओ व्यक्ति छथि जे दलित के हाथ मे राष्ट्रीय झंडा देलनि। एहि मध्य भाजपाक विधायक हरिभूषण ठाकुर बचौल कहलनि जे नीतीश कुमारक देशभक्ति पर प्रश्न नहि कयल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे भ्रष्टाचारक आकंठ मे डूबल लालू प्रसादक परिवार के देश सँ माफी मांगबाक चाही।

---

सोलहम वित्त आयोगक एक दल आइ मधुबनी जिलाक भ्रमण कयलक। आयोगक अध्यक्ष अरविंद पनगढियाक नेतृत्व मे ई दल झंझारपुर प्रखंडक अड़रिया संग्राम पंचायत पहुँचल। दल पंचायत भवन कार्यालय परिसरक निरीक्षण कऽ विभिन्न योजनाक समीक्षा सेहो कयलक।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ दानापुर कैंट स्थित करिअप्पा ग्राउंड मे पूर्व सैनिक रोजगार मेलाक उद्‌घाटन कयलनि। मेला मे प्रदेशक विभिन्न जिला सँ एक हजार छओ सय सँ बेसी पूर्व सैनिक भाग लेलनि।

---

दरभंगाक मे पासपोर्ट सेवा केन्द्र मे तत्काल आवेदनक सुविधा आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। एहि सँ पूर्व एहि केन्द्र पर मात्र सामान्य पासपोर्ट आ पुलिस क्लीयरेंस सर्टिफिकेटक काज होइत छल। दरभंगा स्थित पासपोर्ट केन्द्र सँ एखन धरि पन्द्रह हजार सँ बेसी पासपोर्ट आ आन दस्तावेज जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

पटनाक गाँधी मैदान मे नेशनल बुक ट्रस्ट नव दिल्लीक द्वारा आइ सँ पुस्तक महोत्सवक आयोजन शुरू भेल। ई महोत्सवक बाईस मार्च धरि चलत। पुस्तक महोत्सवक मे मैथिली पोथीक स्टॉल, मैथिली मचान सेहो लगाओल गेल अछि, जकर उद्घाटन चेतना समितिक अध्यक्ष निशा मदन झा सहित आनो साहित्यकार संयुक्त रूप सँ कयलनि।

———————————————————————————————

विश्व कविता दिवसक अवसर पर आइ प्रदेश मे कतेको ठाम कवि सम्मेलनक आयोजन कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर आकाशवाणी दरभंगा मे सेहो कवि सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। सम्मेलन मे हरिश्चन्द्र हरित, संजय कुमार, अश्वीनी कुमार झा समेत आनो कवि अपन रचित कविता पाठ कयलनि।

———————————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक मौसम मे बदलाव भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे गया, नवादा आ औरंगाबाद सहित आनो जिला मे आंशिक बरखा दर्ज कयल गेल।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।